



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON POU JOUNEN ENDEPANDANS LAN

*Moniman Eta yo pral limen wouj, blan, ak ble*

*Li pwoklamasyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 4 Jiyè kòm Jounen Endepandans nan Eta New York. Gouvènè a te anonse tou madi 4 jiyè a, yo pral limen moniman istorik eta yo wouj, blan ak ble.

"Jounen Endepandans lan se yon rapèl enpòtan ke gran Eta New York rete angaje ak prensip fondamantal gran peyi nou an te bati sou yo - egalite, libète ak jistis pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York kanpe fèm nan angajman kontinyèl nou pou defann ak pwoteje demokrasi ki te etabli 247 ane de sa. Mwen swete tout Nouyòkè yo yon Fèt 4 Jiyè nan lajwa, an sekirite ak kè nan kontan!"

Gouvènè a te anonse tou yo pral limen moniman istorik eta yo wouj, blan ak ble madi 4 Jiyè a nan selebrasyon Jounen Endepandans lan:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)